



# RETE KONEKTE

KENBE ENFÒMASYON SOU KONTAK OU YO AJOU

## N AP KENBE PARAN YO ENFÒME

- M-DCPS gen abilite pou kominike yon fason ki vit e efikas avèk paran atravè mesaj otomatik – avèk vwa, lèt elektwonik, mesaj enstantane sou telefòn ak mesaj tèks.
- Li nesèsè pou paran yo mete enfòmasyon sou kontak yo ajou pou yo ka resevwa mesaj kominotè ak mesaj IJANS ki soti nan Distri a e nan lekòl pitit yo.
- RETE KONEKTE. Asire w ou ENSKRI NON OU pou w ka resevwa mesaj otomatik ki soti nan lekòl pitit ou e nan Distri a. Si w RETIRE NON OU, w ap dekonekte e ou pap ka resevwa nouvèl enpòtan Distri a ak lekòl yo.
- Ou ka mete enfòmasyon sou kontak ou yo ajou an pèsòn nan lekòl pitit ou a.



SE NAN LEKÒL OU A W AP KA FÈ CHANJMAN NAN ENFÒMASYON SOU KONTAK OU YO.

## TELEHAJE APLIKASYON MOBIL DATESCHOOLS LA JODI A!

Aplikasyon sa a GRATIS pou w telechaje e li disponib pou paran ak elèv.

- NOUVÈL SOU DISTRI A • ORÈ KLAS YO • WOUT OTOBIS YO • MENI REPA YO
- GADE NÒT ELÈV CHAK JOU • KANÈ • MESAJ ENSTANTANE

